



Department of Taxation and Finance

Deklarasyon Dwa Konsomatè yo Konsènan Preparatè Taks yo

Preparatè deklarasyon taks yo dwe:

- afiche Sètifika Enskripsyon pou Preparatè Taks Eta New York yo a ak lis pri yo;
- di w davans si y ap reprezante w, lè yo fin verifye deklarasyon taks ou a pita;
- poze w kesyon sou revni w, depans ou, fanmi w, ak nenpòt lòt enfòmasyon oswa dokiman ki nesesè pou ranpli deklarasyon w la avèk presizyon;
- pèmèt ou revize deklarasyon ou ranpli a (ki gen ladan enfòmasyon sou kont labank ou) epi poze kesyon anvan ou siyen li;
- ba w yon deklarasyon alekri sou nenpòt ki gen yon enterè pou ou epi sou frè yo pral chaje w, si w chwazi yon prè antisipasyon rambousman (rambousman davans) oswa yon chèk antisipasyon rambousman (transfè rambousman) olye pou yo depoze rambousman ou a dirèkteman sou kont labank ou;
- siyen deklarasyon taks ou epi antre nimewo idantifikasyon taks preparatè a (Preparer Tax Identification Number, PTIN) ak nimewo idantifikasyon pou preparatè taks New York la (New York Tax Preparer Identification Number, NYTPRIN), si sa aplikab;
- depoze deklarasyon taks ou a pa mwayen elektwonik;
- ba ou yon adrès pandan tout ane a ak yon nimewo telefòn ou ka itilize si ou gen kesyon oswa enkyetid konsènan deklarasyon ou a; epi
- ba ou yon fotokopi deklarasyon ou depoze a.

Si preparatè taks ou a pa respekte kondisyon sa yo, ou ka depoze yon plent nan Biwo Responsabilite Pwofesyonèl la nan www.tax.ny.gov (chache: *tax preparer complaint* (plent kont preparatè taks)).

Pou jwenn plis enfèmasyon, rele 518-457-5181.

Eskane kòd QR sa a pou jwenn plis enfèmasyon, ni pou dwa anplis ou genyen antanke yon kontribyab Eta New York ak kontni nan lang sa yo:

Panyòl
Kreyòl Ayisyen

Chinwa
Koreyen

Ris
Italian

Bengali
Arab

Yidich
Polonè

